Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 35 (9946) 8 сентябрь 2023 с. / Рузман 23 сафар 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

## Аппараталъул данделъиялда

5 сентябралда районалъул администрациялда, гьелъул бетӀерасул тӀоцевесев заместитель И. И. Шабазовасул нухмалъиялда, тӀобитӀараб аппараталъул данделъиялда гӀахьаллъана администрациялъул гӀуцӀиялъулъе кколел бутӀабазе нухмалъулел, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хӀалтӀухъаби, росабазул администрациябазул бутӀрул ва росдал магӀишатазе нухмалъулел.



Гьеб тадбиралъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукӀана районалъул магӀишатаз хаслихъе культураби ракӀариялда, хъачӀаб рагӀи-хер хӀадуриялда, силос лъеялда ва бачӀунеб соналде культураби рекьизе ракь бекьиялдагун хьонал хьаялда, цогояб рищиязул къоялде (10.09.2023 сон) хӀадурлъиялда, налогал кьеялъул налъаби рецӀиялда ва ЖКХялъул объектал хасалихълъиялдегун хаслиде хӀадур гьариялда хурхарал суалал.

ТӀоцебесеб суалалда тӀасан гӀатӀидаб кӀалъай гьениб гьабуна УСХялъул директорасул заместитель Хункарби МухӀамадхӀабибовас. Гьес, мухӀканал цифрабаздалъун, данделъаразе баян кьуна хаслихъе культураби ракӀариялъулъ, хъачӀаб рагӀи-хер хӀадуриялъулъ ва цогидалги тӀоритӀарал магӀишатиял ишазулъ ккарал церетӀеязул, дандчӀварал захӀмалъабазул ва цере чӀарал масъалабазул хӀакъалъулъ. Гьеб киналъулго хӀакъикъат нижеца *«Чапар»* газеталда кьунги букӀана. Гьелъ, кӀиабизеги тӀад руссун, гьеб рехсолеб гьечӀо.

Хункарбил кӀалъаялда тӀасан загьир гьабураб жиндирго пикруялда И. Шабазовас абуна: *«Дуца абуна цо гектаралдаса бачӀараб хӀалухъиналъул къадар дагьаб букӀанилан. Щай удобренияздалъун ракь хьезабичӀеб»*,-ан.

Х. МухӀамадхӀабибовас абуна: *«Цоцо магӀишатазул, гӀарцул рахъалдасан, рес рекъечӀо удобрениял росизе, удобрениял рукӀарал магӀишатал жиндир заманалда гьел ракьулъе ккезаризе кватӀана»*,-ян.

Гьеб суалалъул хал гьабиялъе ахир лъураллъун УСХялъул бетӀерав агроном ГӀабдулатӀип ГӀабдулмуслимовас Хункарбица бицаралде тӀаде жубараб информацияги И. Шабазовас *«Хӏаракат бахъизе ккола рекьи гьабиялъе, хьонал хьаялъе ва удобрениял ракьулъе ккезариялъе бихьизабураб заман цӀуниялда тӀад хӀалтӀизе. Ругелщинал ресаздаса, кколеб къагӀидаялда, пайда босулеб гьечӀони, хӀасилал лъикӀал рукӀиналда божи лъезе бакӀ букӀунаро»*,-ян абурабги рукӀана.

КӀиабилеб суалалда тӀасан кӀалъарав администрациялъул бетӀерасул, жамгӀияб хӀинкъигьечӀолъи чӀезабиялъул рахъалъ, заместитель Басир Нуцаловас гьениб бицана Хубар росдал депутатал рищиялъул къоялде бугеб хӀадурлъиялъул. И. Шабазовас гьесда гьикъана: *«Рищиял тӀоритӀиялъулъ хӀинкъигьечӀолъи цӀуниялъе гӀурал шартӀал чӀезарун ругищ»*,-ан.

Б. Нуцаловас жаваб кьуна: *«Гьелъие рихьизарун руго ОМВДялъул хӀалтӀухъаби ва гьел рищиязда хӀинкъигьечӀолъи чӀезабиялде хӀадур руго. Участковияб комиссиялъул членалги хӀадур гьаруна рищиял тӀоритӀизе, гьединго, гьел тӀоритӀизе ругел кӀиго участокалда чӀезарун руго компьютерал, генераторал, сейфал, видеорегистраторал, маххул алатал рукӀин лъазабулел приборал, цӀаккеялдаса цӀуниялъе хӀажатаб къайицӀа ва цогидабги»*,-ян.

*«Районалъул, росабазул администрациябазул, ведомственниял учреждениябазул хӀалтӀухъабазда тӀад налогазул налъаби рукӀиналъулги гӀагараб заманалда гьел рецӀизе тӀадаблъун кколеблъиялъулги гӀемер бицунеб буго, амма гьеб суал кинго бетӀералде бахъинабизе кӀолеб гьечӀо.*

*Нужеда рагӀана И. Шабазовас «15 сентябралде налогазул налъи бецӀичӀелгун захӀматалъул къотӀи-къаял халатгьари букӀине гьечӀоян абураб. Гьеб нужее гӀезеги ккола»*,-ян абуна экономикаялъулгун социалияб рахъал церетӀезариялъул отделалъул начальник Юсуп Агиевас.

***МухӀамад-Шарип ГӀабдулашимов***

## Баркула шапакъат!



Россиялъул Президент В. В. Путинил Указалда рекъон, захӀматалъулъ рихьизарурал бергьенлъабазухъ ва гӀемерал соназ ракӀбацӀцӀад гьабураб хъулухъалъухъ, Дагъистаналъул ХӀукуматалъул Председатель, нилъер ракьцояв ГӀабдулмуслим МухӀудинович ГӀабдулмуслимов *«Гьудуллъиялъул»* орденалдалъун кӀодо гьавуна.

Районалъе нухмалъулез, киналниги гӀуцӀабазул жавабиял хӀалтӀухъабаз ва росабазул жамагӀатаз ракӀ-ракӀалъ баркулеб буго гьесда тӀадегӀанаб шапакъат щвей.

Гьарулеб буго гьесие щулияб сахлъи, талихӀ, рохел ва киналниги гьарулел ишазулъ битӀккей.

## Лъим бачиналда хурхун…

Районцоязда лъикӀ лъала цебегоялдаса нилъер районалъул росабалъ лъим гӀолеб гьечӀолъиялъул гӀадамазе бугеб санагӀалъи бахъин ва гьеб чӀезабиялъе гьарурал хӀалтӀабазул хӀакъикъат.

Гьедин букӀин хӀисабалдеги босун, хӀукму ккун букӀана, халкъияб къагӀидаялда цӀакъго лъим хӀажатал росабалъе (Алмахъ, Буртунай, Дилим, Гъозтала, ИчкӀа ва Гуни) «Ишахи» участокалдаса гьеб бачине.

Гьелъие гӀадамаз гӀарац бакӀарана ва гьелда тӀад хӀалтӀи гьабизе байбихьана. Лъим бачиналъул хӀаракатчагӀазда бичӀчӀана, рехсараб къагӀидаялда, лъим бачине кӀоларебльи ва гьелъие пачалихъалъул кумек хӀажалъулеблъи. Гьеб суал бетӀералде бахъинабиялде кӀвар буссинабуна районалъе нухмалъулев ХӀ. Мусаевас ва гьес гӀемераб хӀалтӀи гьабуна лъел суал «БацӀцӀадаб лъим» федералияб программаялъулъе ккезабиялда тӀад. Гьеб киналъулго хӀакъалъулъ бицунебги хъвалебги букӀана.



Рехсараб суалалда хурхун, дагьал церегӀан къояз ХӀ. Мусаевас къабул гьаруна минстроялъул информациялъулгун аналитикияб управлениялъул начальник ГӀусман АхӀмадов, «Инфраструктуриял программабазул дирекция» ГАУялъул (заказчик) директорасул заместитель МуртазгӀали МухӀамадхӀабибов, *«Агрострой»* ГКУялъе нухмалъулесул заместитель НигӀматула Имашев, *«Газинжсети-Техно»* ОООялъул (подрядчик) вакил ГӀабдурахӀман Камилов ва росабазул бутӀрул.

ДандчӀваялъул хал гьабиялде босараб суал бук1ана Ишахиса лъим бачиналъулъ бугеб ахӀвал-хӀалалъул хӀакъалъулъ.

*«Чапар»* газеталда, Республикаялъул БетӀер Сергей Меликовасул, ХӀукуматалъул Председатель ГӀабдулмуслим ГӀабдулмуслимовасул жигарчилъиялда, гьеб *«БацӀцӀадаб лъим»* абураб федералияб программаялъулъе ккезабиялъул ва гьелъие 836 млн. гъур. биччан букӀиналъул хӀакъалъулъ цебеги хъван букӀана.

Жиндирго кӀалъаялда ХӀажимурад Мусаевас абуна: *«ГӀураб къадаралда лъим чӀезаби ккола районалъе, чара гьечӀого, хӀажатаб суаллъун.*

*Баркала буго республикаялъе нухмалъулезе, бакӀалраялъул министерствоялъе ва цогидалги гьеб суалалда тӀад х1алт1арал ва хӀалтӀизе ругезе. Божи лъола гьеб суал тӀубазе букӀиналдаги»*,-ян.

Данделъиялдаса хадур гьелъул гӀахьалчагӀи Ишахире щвезеги ана.

***Ибрагьим Идрисов***

Гъаб номералда нужеца цӀализе бегьула

гъум. 2 Р. ХӀамзатов ракӀалде щвезавуна

гъум. 3 Арзулум Ильясовасе-70 сон!

гъум. 4 Прокуратура требует…

*1 сентябрь-лъаялъул Къо!*

# Районалъул школазда лъаялъул байрамал тIоритIана

Советияб властаялъул заманалдасаго тIолабго улкаялда гIадатлъун лъугьун букIана школа лъугIун унезе ахирияб цIумур кьабиялъулги 1 сентябралда лъаялъул Къо кIодо гьабиялъулги байрамал тIоритIи.

Гьеб гIадат, узухъда, хвезе течIо гьаб заманалдаги. Гьеб битIарабги буго, щай абуни, школалде тIоцебе хIетIе лъурабги гьеб тарабги заман лъиениги кIочен гьечIеблъун букIунелъул.

Гьай-гьай, исанаги лъаялъул Къо кIодо гьабуна нилъер районалъул киналниги цIалул гIуцIабазда. Гьеб рахъалъ хасаблъун букIана Ленинаул росдал №3 ва цIияблъун кколеб школалда тIобитIараб тадбир.

Гьаниб рехсечIого бегьиларо цо гьадинаб хIужаги. Дида лъалаан школа эхетизе 2010 соналъго байбихьараблъиги, батIи-батIиял гIиллабаздалъун, гьеб нахъбахъун букIараблъиги. 2020 соналъ гьелда тIад хIалтIаби гьаризе байбихьана, амма дун гьениве цониги нухалда щун вукIинчIо.

ЦIалдохъаби къабул гьаризе гьеб хIадур букIиналъул ва гьенире щвеялъул цогидаз дие бицараб заманалда дир гьелда щаклъизецин бачIана. Цо гьалмагъас абуна: *«Бассейн хутIизегIан, гьениб кинабго буго»*,- ян.

Лъаялъул къоялъ школа рагьизе бугин рагIиндал дун, дагьалъ цудунго, гьениве ана ва дица киналъулго хал гьабуна. Сверухъ бакIалдаса байбихьун, гьениб бихьаралъ дун тIубанго гIажаиблъизавуна, унгоги, лъималазе цIализеги мугIалимзабазе хIалтIизеги гьенир чIезарурал гIадинал шартIал дида кирниги рихьун рукIинчIо. Дидаго бихьун гурони, бицаралда божулеб ахIвал-хIал гьениб гьезеги гьечIоан.

Шагьараздацин гьединал шартIал чIезарурал школал, тамаша, ратани, ратаниги, гьел гIемер гьечIеблъи мухIканаб буго. Узухъда, школа рагьиялъул тадбиралде, районалъе нухмалъулездаса байбихьун, кIудияб кIвар кьун букIана.

Гьенир гIахьаллъана РДялъул хIукуматалъул председателасул заместитель Ризван ГъазимухIамадов, районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаев, депутатазул Собраниялъул председатель Гъ.М. Гьирисханов, администрациялъул жавабиял хIалтIухъаби, гIуцIабазе нухмалъулел, лъайкьеялъул министерствоялъул отделалъул бетIерай специалист Кинаят Юнусова, РУОялъул начальник МухIамадрасул МухIамаев, школа баялъул дирекциялъул председатель Нурутдин Манапов, Ленинаул росдал депутатал, жамагIаталъул вакилзаби, умумул, цIалдохъаби ва гьалбал.




КIалъазе рахъарал ХI. Мусаевас, Р. ГъазимухIамадовас, Пачалихъияб Думаялъул депутат Султан ХIамзаевасул кумекчи Камал ГIабдулаевас, К. Юнусовалъ, Н. Манаповас ва цогидазги данделъаразда баркана цIияб цIалул сон байбихьиги школа рагьиги.

ХI. Мусаевас жиндирго кIалъаялда абуна: *«Пачалихъалъе, республикаялъе нухмалъулез кIудияб кIвар кьолеб буго лъайкьеялъул гIуцIаби кколеб даражаялда рукIинариялде, гьелъие мисаллъун бачине бегьула Ленинаул росулъ гьаб школа эхети. Гьединал школал рукIине руго цогидал бакIаздаги.*

*Ленинаулалдаса гIезегIанаб къадар гIолохъабазул гIахьаллъулеб буго Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда ва гьел гьенир бахIарчиго рагъулелги руго. Узухъда, гьанир цIализе руго гьезул лъималги, гьезги нужецаги цIалулъ лъикIал хIасилалги хьвада-чIвадиялъулъ цогидазе мисалалги рихьизаризе ккела»*,-ян.

Абизе ккола тадбир гIуцIиялда нухда тIобитIиялъе районалъул культураялъул Централъул хIалтIухъабаз гIезегIанаб хIалтIи гьабун бугоанин. Гьелде гьез кIудияб кIвар кьун букIиналъе нугIлъи гьабулеб букIана гьенир районалъул культураялъул отделалъул начальник Абубакар Ибрагьимов, культурияб Централъул директор Зумрат МухIамадова ва цогидалги хIалтIухъаби гIахьаллъиялъги.

Тадбир нухда бачунел МухIамад Дудуевасулги Аймесе ГIисаевалъулги кIалъаяздасан, гьенир Расул ХIамзатовасул кучIдул (магIарулгун гIурус мацIазда) цIалулел рукIиналдасан бичIчIунеб букIана тадбир Расулил 100 сон тIубаялда хурхинабун букIинги.

КIалъаязда гьоркьор гьенир церерахъинал гьаруна гьаб соналъ тIоцебе школалде гали тIамурал гьитIичаз, школа лъугIун ине ругел цIалдохъабаз ва Калининаул росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабаз.

Школалъул директор Рустам Гъайирбековас, росдал жамагIаталъул рахъалдасан, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна школа баялъе кверб акъарав ХI. Мусаевасе, гьеб базе тIаде босараб гIуцIиялъе, гьоркьобкъотIи гьечIого, гьениб хIалтIи гьабуразе, гьезие, бажаризабун ва махщалида, нухмалъи гьабурав бакIал раялъул мастер (прораб) ГIиса Давурбеговасе, къокъгьабун абуни, киналниги тIалабазде данде кколеб школа эхетиялда кверчIварал тIолазего.

Данделъи ахиралде щвана, РДялъул хIукуматалъул рахъалдасан, Р. ГъазимухIамадовас школалъе сайгъатал кьеялдалъунги, школа рагьиялъул лента къотIиялдалъунги, гьалбал школалъул хал гьабизе иналдалъунги.



***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

*Расул ХIамзатовасе-100 сон!*

# Расул ХIамзатов ракIалде щвезавуна

Президент В.В. Путинил Указалда рекъон, гьаб сон лъазабуна Р. ХIамзатовасул сонлъун. Гьелда хурхун, тIолабго улкаялда тIоритIана ва тIоритIулел руго батIи-батIиял тадбирал.

Узухъда, тIоритIулел руго гьел нилъер республикаялдагун районалдаги. Гьезул цояблъун букIана 2 сентябралда районалъул культураялъул Централда тIобитIараб данделъиги.



Гьенир гIахьаллъана Расулгун дандчIварал, гьесул творчество жидеда лъикI лъалел гIадамал. Гьезда гьоркьор рукIана1984-1989 соназ КПССалъул райкомалъул тIоцевесев секретарьлъун хIалтIулев вукIарав ГIабдуразакъ ХIусейнов, районалъул ЖамгIияб палатаялъул председатель ХIажи Адимирзаев, харабазул Советалъул председатель Сайрудин НургIалиев, «Чапар» газеталъул бетIерав редактор Икрамудин Салимханов, районалъул депутатазул Собраниялъул председательлъун вукIарав Давурбег Мусаев, районалъул администрациялъул бетIерлъун цересел соназ хIалтIарав Сира Саипов, районалъул руччабазул Советалъул председатель ПатIа Айтемирова, рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъул председатель Хункарби МухIамадхIабибов ва гIемерал соназ районалъул жавабиял хъулухъазда хIалтIарал росабазул вакилзаби.

Данделъиялда кIалъарал ГI. ХIусейновас, П. Айтемировалъ, И. Салимхановас, ХI. Адимирзаевас, Х. МухIамадхIабибовас, С. НургIалиевас, С. Саиповас, Д. Мусаевас, гIатIид гьабун, гьениб бицана 1985 соналъул 2 ноябралда нилъер районалде гьоболлъухъ Расул ХIамзатов щвеялъул, гьесда гьабураб дандчIваялъул, гьеб къо байрамалде сверун бакIараблъиялъул ва гьелда хурхарал жидерго ракIалдещвеязул хIакъалъулъ.

Гьединго, дандчIваялда бицен ккана Расулица эбелалде, ВатIаналде, Дагъистаналде, чIужугIаданалде гьарурал кучIдул тIолабго дунялалда тIоритIиялъул, гьес нилъер гIадатал, гIадамазул гIаданлъи ва бахIарчилъи киса-кибего рагIинабиялъул, гьаб заманалда магIарул мацIалде бугеб бербалагьи чучлъулеб букIиналъул ва гьеб цIуниялда тIад хIалтIизе ккеялъул.

***Ибрагьим Идрисов***

# Нужер гьурмаздаса гьими камугеги

Нилъеда лъала республикаялъе, нилъер районалъе нухмалъулез Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда гIумруялдаса ратIалъаразул, гьенир гIахьаллъулезул хъизабазе гьабулеб кумекалъулги гьезул тIалаб-агъаз гьабиялъулги хIакъикъат.

Гьединго, районцоязда лъала гьеб рахъалъ районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевас гьабулеб хIаракатчилъиги. Исана риидал, ХIажимурадил кумекалдалъун, нижее ва нижер лъималазе рес щвана Каспий ралъдал рагIалда хIухьбахъи гьабизе.

БакIалдеги нахъеги ниж рачине транспорт чIезабуна СКФОялъул регионазда гьоркьосеб транспорталъул управлениялъул кIудияв пачалихъияв инспектор АхIмад ГIамировас. БакIалда хIухьбахъиялъе киналниги шартIал ругеб рукъ нижехъе кьуна ракьцоял Залимхан ва Зумрут Ачабаеваз.

Бокьун буго ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе ХI. Мусаевасе, А. ГIамировасе, Залимхан ва Зумрут Ачабаевазе.

Ниж гьез рохизарурал гIадин, Аллагьас гьезул ракIалги рохизареги.

***Аминат Абужанатова,***
***«Улбузул къуват» гIуцIиялъе нухмалъулей***

*Арзулум Ильясовасе-70 сон!*

# БахIарчи ракIалде щвезавуна

5 сентябралда районалъул администрациялда, гьелъул бетlерасул тlоцевесев заместитель Ильяс Шабазовасул нухмалъиялда, Россиялъул БахIарчи Арзулум Зиявдинович Ильясов гьавуралдаса 70 сон тlубаялда хурхараб тадбир тlобитlана.

Гьенир гlахьаллъана Россиялъул БахIарчи, республикаялъул хlинкъи-гьечlолъиялъул Советалъул секретарь Мухlамад Багlачилов, харабазул Сове-




тальул председателасул заместитель Ахlмаднаби Магьдихlажиев, Россиялъул халкъалъул Ассамблеялъул Дагъистаналда бугеб отделениялъул председатель Зикрула Ильясов, «Дагъистан» издательствоялъулаб Рукъалъе нухмалъулев Гlумаргlусман Хlажиев, «*Хlакъикъат*» газеталъул бетlерав редактор Темирхан Хlасанов, районалъул депутатазул Собраниялъул председатель Гъирисхан Гъирисханов, Арзулумил вас Эльдар Ильясов ва цlалдохъаби.

Данделъи байбихьана Арзулумил бахlарчияб гьунаралъул, террористазде данде къеркьолаго, гlумруялдаса ратlалъарал полициялъул хlалтlухъабазул хlакъалъулъ бахъараб документалияб видеороликалъул цо-цо бутlаби рихьизариялдалъун. Жиндирго кlалъаялда И. Шабазовас абуна: «*Кинавниги чи гурев хlадур вуклунев цогидазе гlоло гlумру кьезе. Бахlарзал чlаго руклуна гьел нилъер ракlазулъ ругебгlан заманалда. Нилъер налъилъун ккола гlолеб гlелалъухъе бахlарзазул ишазул хlакъикъат кьей*»,-ан.

Дол соназ Дагъистаналъул хlинкъи-гьечlолъиялъул Советалъул секретарьлъун вукlарав Ахlмаднаби Магьдихlажиевас абуна: «*Жакъасеб къо буго пашманлъигун рохел цадахъаллъун. Пашманаб лъун -Арзулум нилъгун гьечlолъиялъ, рохалилаблъун-гьев нилъер ракlазулъ вукlиналъ. Падатлъи, бихьинчилъи, цадахъ хъулухъ гьабулезул адаб-хlурмат гьаби гьесул бидулъ рукlана. Гьел гlамалал гьесул вас, юстициялъул полковник Эльдар Ильясовасулъги рихьулел руго*»,-ян.

Мухlамад Багlачиловас бицана, Арзулумгун цадахъ, СОБРалда хъулухъ гьабураб заманалъул, ракlалде щвезабуна гьев хвараб къоги.

Хадусан кlалъарав Гъ. Гъирисхановас бицана дол соназ террористал Арзулумил цlаралдасацин хlинкъулел рукlараблъиялъул, Украиналда тlобитlулеб хасаб рагъулаб операциялъулъ гlахьаллъулел нилъер ракьцояз, бихьизабулеб бахlарчилъиялъул ва гьел пачалихъиял шапакъатаздалъун кlодо гьарулел рукlиналъул.

Гьенив кlалъарав Арзулумил кlудияв вац Зикрула Ильясовас бицана гьитlинаб къоялдаса гьев хlинкъи-къай лъаларевлъун, ритlухълъи бокьулеблъун, лъай босиялда тlад чlолевлъун вукlараблъиялъул. Гьелъие нугlлъи гьабула гьесие щ вараб «*Юридическиял гlелмабазул кандидат*» абураб цlаралъ. Арзулум тlолабго гlумру гlолеб гlелалъе мисаллъун ккола.

Арзулумил хъизаналъул рахъалдасан, Э. Ильясовас гьеб тадбир гlуцlаралъухъ районалъул администрациялъе баркала загьир гьабуна.

Мухlамад Багlачиловас, бахlарзазул Ассоциациялъул рахъалдасан, Гуни росдал гимназиялъе гьеб гlуцlиялъул гlаламатги ракlалдещвеялъул тlехьги кьуна.

Арзулум ва террористазде данде къеркьолаго гlумруялдаса ратlалъарал гьенир, сихlкъотlиялъул минуталдалъун, ракlалде щвезаруна.

Гьеб тадбиралда М. Багlачиловас цlалдохъабигун бахlарчилъиялъул дарсги тlобитlана.

Тадбиралъул ахиралда гьелъул гlахьалчагlаз «*Бахlарчиясе рецц*» аллеялда тlугьдул лъуна.

# «Нижер рекIелъ буго» акция

Нилъеда лъала 3 сентябрь терроризмалде данде къеркьеялъул къолъун лъазабиялъе гlиллалъун 2004 соналъ Бесланалда ккараб вахlшияб лъугьа- бахъин букlин.

Гьеб къоялда хурхун, районалъул культураялъул Централъул хlалтlухъабаз




тlобитlараб «Нижер рекlелъ буго» абураб акциялда гlахьаллъана районалъул администрациялъул аппараталъе нухмалъулей Марьям-Асият Хlамзатова, гlуцlабазе нухмалъулел, Дилим росдал лицеялъулгун гимназиялъул цlалдохъаби ва «*Марьу*» лъималазул ахалъул гьитlичал.

Кlалъазе рахъарал М.-А. Хlамзатовалъ ва ЕИЦlялъе нухмалъулей Н. Качалаевалъ гьениб бицана тlадехун рехсараб къоялъ ккараб талихlкъосин халкъалъул рекlелъ бессун хутlун букlиналъул.

Гьенир гlахьаллъарал цlалдохъабаз ва гьитlичаз бихьизабураб Бесланалда ккараб кlочонгутlиялда хурхараб сценка-композициялъ данделъаразул ракlазе кlудияб асар гьабуна.

*Ибрагьим Идрисов*

# Южно-Сухокумскалъул байрамазда

2 сентябралда Южно-Сухокумск шагьаралда тlобитlана шагьаралъул ва нефтяникасул къоял кlодо гьариялъул тадбир. Гьебго къоялъ шагьаралъул цо къватlалъе Россиялъул жамгlияв ва пачалихъияв хlаракатчилъун, меценатлъун, кlиго ахlиялъул Пачалихъияб Думаялъул депутатлъун вукlарав Хlажи Нухlиевич Махlачевасул цlарги кьуна.




Гьеб тадбиралда гlахьаллъана районалъул бетlер Хlажимурад Мусаев ва гlуцlабазул вакилзаби. Къватlалъе Хl. Махlачевасул цlар кьолеб митингалда Хl. Мусаевас абуна: «*Хlажи кlудияб къисматалъул инсанлъун вукlана. Дагъисталналъул хlукуматалъул председателасул заместитель, «Дагнефть» кампаниялъул генералияв директор, Россиялъул президентасда цеве Дагъистаналъул кидагосев вакил, республикаялъул Халкъияб Собраниялъул ва Пачалихъияб Думаялъул депутат, гьединавлъун, лъалаан халкъалда Хlажи. Гьесулъ киданиги кlигьумерчилъиги букlинчlо. 1999 соналъ Дагъистаналде гьачагъал лъугьараб заманалда гьев тlоцеве Болъихъеги щвана.*

*Баркула шагьаралъул гlадамазда байрамал, гьарула гьезие щулияб сахлъи, рекъел ва гьарулел ишазулъ битlккей*»,-ан.

*«Салатавия» сетальулаб издание*

# В это поверить было трудно

Те, кто любит путешествовать знают, что их в пути и на местах могут ожидать разные неожиданности, и сколько бы к ним не готовились, все предусмотреть, конечно, невозможно. Так было и со мной.

В этом году, вместе с детьми, я решила провести свой отпуск в Дагестане. Наверное, любители путешествий наслышаны о тех «неудобствах», которые встречают их бывая в Дагестане.

Конечно, я тоже об этом слышала, и готовилась к встрече с ними, но мои опасения оказались напрасными, чему я была очень рада. Я была в исторических местах, увидела красоту природы, доброжелательность и гостеприимство людей. Особенно меня пленили красота природы и готовность прийти на помощь людей Казбековского района Дагестана.



Случилось так, что в путешествии я потеряла, включая паспорт, все документы, и не имела ни малейшего представления о том, как же мне быть.

Я решила обратиться в миграционный пункт ОМВД района и, конечно, не ожидала, что мне там помогут. Все знают, какой приём их ожидает в большинствах государственных структур. Что приём меня шокировал, значит ничего не сказать, я была просто очарована приёмом работников пункта. Меня там внимательно выслушали и немедленно начали оказывать мне необходимую помощь.

За короткое время мне восстановили все документы.

Хочу выразить большое спасибо Хадижат Джамиевой, Саният Гайирбиевой, Асият Саидовой, Наиде Магомедовой и другим работникам пункта за их понимание, отзывчивость, человечность, сердечность и готовность помочь всем тем, кто оказался в трудной жизненной ситуации.

Желаю им всегда оставаться такими же. Пусть их жизненный путь будет всегда светлым, широким и прямым.

С самыми лучшими пожеланиями им Фарида Султановна Добагова из Карачаево-Черкесской Республики.

# Онлайн форумалда гIахьаллъана

Дагъал церегlан къояз Дилималъул лицеялда РДялъул гlолилазул ишазул министерствоялъ онлайн форум тlобитlана. «Лъай» миллияб проекталъул «*Социалияб хlаракатлъи*» бутlа гlумруялде бахъинабиялда хурхун тlобитlараб гьеб тадбиралда гlахьаллъана физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул ва гlолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул хlалтlухъаби, лицеялъул мугlалимзаби, чlахlиял классазул цlалдохъаби-волонтёрал ва цогидалги. Форум тlобитlулезул мурадлъун букlана гlолилазе профессионалиял, социалиялгун жамгlиял ишазулъ гlахьаллъиялъе шартlал чlезариялъе нухал рагьиялда, жалго разилъун, волонтёразул багъа-бачариялъулъ гьел гlахьаллъиялда ва гьабулеб хlалтlи хlасил кьолеблъун букlинабиялда хурхарал суалазул хал гьаби.

Онлайн форум байбихьи лъазабуна РДялъул гlолилазул ишазул министр Камиль Сагlидовас. Жидерго хlалтlул хlакъалъулъ гьениб бицана республикаялъул шагьаразулгун районазул волонтёразул гlуцlабазул вакилзабаз.

Абизе ккола гьеб тадбир цоцахъе хlалбихьи кьеялъе цlакъ пайда кьураблъун букlанилан.

*Написат Султанбекова, ФКялъулгун спорталъул, туризмалъул ва гlолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул бетlерай специалист*

# Прокуратура сообщает...

Проверкой установлено, что в 2018 году вдоль автомобильной дороги Хасавюрт-Тлох 14-15 км. справа от дороги при въезде в село Ленинаул Казбековского района между имеющимися земельными участками и полосой отвода дороги администрацией СП *«село Ленинаул»* Казбековского района образовано 9 земельных участков, которые главой администрации СП *«село Ленинаул»* Казбековского района в нарушение земельного законодательства в отсутствии заявлений желающих приобрести земельные участки, сведений об опубликовании объявления о продаже земельного участка, решений о предварительном согласовании предоставления земельного участка, либо отказе в его согласовании и других необходимых документов предоставлены в собственность гражданам.

По результатам проверки прокуратурой района в Казбековский районный суд направлено исковое заявление о;

- признании незаконными Постановлений администрации сельского поселения *«село Ленинаул»* Казбековского района о выделении земельных участков;
- признании недействительными договора купли-продажи земельных участков;
- исключении из единого государственного реестра недвижимости сведений о правах граждан на указанные земельные участки;
- признании право собственности на земельные участки за администрацией сельского поселения *«село Ленинаул»* Казбековского района Республики Дагестан и регистрации этого права.

***Ш.М. Магомедов, помощник прокурора района***

# В нашем районе проводится акция «Помоги пойти учиться»

С начала нового учебного года в Казбековском районе проводится акция *«Помоги пойти учиться»*.

Основными задачами проводимой акции являются:

-выявление лиц, не посещающих образовательные учреждения;

-обеспечение занятостью несовершеннолетних учебой;

-проверка детей из малообеспеченных и неблагополучных семей на предмет их готовности к началу нового учебного года;

-установление обстоятельств, способствующих несвоевременному посещению образовательных учреждений детьми.

Данная работа будет проводиться в тесном взаимодействии с представителями органов исполнительной власти и местного самоуправления, также с представителями учреждений (ведомств) системы профилактики безнадзорности и правонарушений среди несовершеннолетних.

## Памятка для родителей

Родители обязаны воспитывать своих детей. Преимущественное право на обучение и воспитание своих детей перед всеми другими лицами имеют непосредственно родители.

Также родители обязаны обеспечить получение детьми общего образования. За неисполнение своих родительских обязанностей по воспитанию, содержанию и обучению своих несовершеннолетних детей, предусмотрена административная ответственность по ст. 5.35 КоАП РФ.

# «Образование - 2023»

Пожарная безопасность на объектах образования вызывает особую озадаченность. Учитывая тот факт, что на объектах образования находятся дети, не способные самостоятельно в случае пожара покинуть горящее помещение, вопросы противопожарной защиты этих учреждений имеют важное значение.

Ответственность за противопожарное состояние возлагается на руководителей данных объектов, а также на назначенных приказом ответственных за обеспечение пожарной безопасности объекта лиц. Они обязаны обеспечить выполнение Правил противопожарного режима, при этом, не забывая, что персонал учреждений должен выполнять эти требования в первую очередь.

В целях обеспечения должного уровня пожарной безопасности образовательных объектов, а также во исполнение указания Главного управления МЧС России по Республике Дагестан на территории города Хасавюрта, Хасавюртовского, Новолакского и Казбековского районов проводится надзорно - профилактическая операция *«Образование-2023»*, в рамках которой на объектах образования проводились обследования и профилактические мероприятия.

В ходе мероприятий были выявлены следующие характерные нарушения обязательных требований пожарной безопасности: неисправность средств противопожарной защиты, отсутствие или неисправность источников наружного противопожарного водоснабжения, эксплуатация огнетушителей с истекшим сроком эксплуатации, эксплуатация эвакуационных путей и выходов с нарушениями предъявляемых к ним требований.

Отдел надзорной деятельности и профилактической работы № 10 по г. Хасавюрт, Хасавюртовскому, Новолакскому и Казбековскому районам обращается к руководителям образовательных учреждений и гражданам с очередным напоминанием о необходимости соблюдения требований пожарной безопасности во избежание случаев возникновения возгораний.

За последние годы в нашей стране из-за несоблюдения правил пожарной безопасности сгорело немало школ, учреждений дополнительного и дошкольного образования, что явилось причиной нанесения значительного материального ущерба.

Как и в предыдущие годы, в 2023 году велась активная работа по повышению уровня пожарной безопасности образовательных учреждений и повышению уровня культуры безопасного поведения населения.

1 сентября, в День знаний, сотрудники отдела надзорной деятельности и профилактической работы № 10 по г. Хасавюрт, Хасавюртовскому, Новолакскому и Казбековскому районам совместно с представителями пожарных частей посетили школьные линейки. Поздравили учащихся с новым учебным годом.

Если произошел пожар - постарайтесь как можно быстрее покинуть горящее помещение. Не теряйте времени на спасение имущества, главное спасти себя и других попавших в беду.

Единый телефон спасения: **«112»**, номер вызова пожарной охраны **«101»!**

***И.А. Байбатыров, дознаватель ОНД и ПР № 10 по г. Хасавюрт, Хасавюртовскому, Новолакскому и Казбековскому районам***

# ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» напоминает, что потребители газа должны передать показания своих счетчиков его поставщику до 25 числа каждого месяца!

Если не передавать показания счётчика газа? то:

– первые 3 месяца расчёт объема газа ведётся по среднемесячному потреб лению;

– начиная с 4-го месяца расчёт производится по нормативам потребления газа.

Если показания не передавались более трёх месяцев подряд, чтобы возобновить начисления по показаниям счётчика, абоненту необходимо написать заявление в территориальный участок по месту жительства для снятия контрольных показаний прибора учёта и ждать прихода контролера газового хозяйства.

В случае выявления нарушений в работе прибора учёта газа или вмешательства в счётный механизм прибора, ранее начисленный по среднемесячным показаниям либо по нормативу объём газа предъявляется к оплате.

**Передать показания счётчика газа можно:**

- в *«Личном кабинете абонента»* на сайте компании www.mkala-mrg.ru;
- в мобильном приложении *«Мой ГАЗ»* на платформе Android или *«Газ Онлайн»* на платформе iOS;
- по телефону Контакт-центра 8 800 200 98 04 в рабочие дни с 9 до 18 часов (звонок бесплатный);
- указать текущие показания счётчика в квитанции при оплате газа.

Сообщаем, что согласно утвержденному графику плановых отключений ГРС, проводимых ООО *«Газпром трансгаз Махачкала»*, в сентябре 2023 г. будет прекращена подача газа потребителям с. Артлух, с. Буртунай, с. Гертма, с. Гостала, с. Гуни, с. Данух, с. Дылым, с. Инчха, с. Калининаул, с. Ленинаул, с. Хубар, **с 09:00 часов 12.09.2023 г. до 17:00 часов 14.09. 2023 г.**

Возобновление поставки газа будет осуществлено после завершения намеченных работ.

***М.Г. Алибеков, заместитель генерального директора по реализации газа***

# Военный комиссариат информирует...

**1. Проводится отбор кандидатов для поступления на военную службу по контракту.**

Требования к кандидатам:

1. Граждане, ранее проходившие службу по контракту.
2. Годные к военной службе по состоянию здоровья и физически развиты.
3. Граждане, ранее уволенные по несоблюдению условии контракта.
4. У кого есть (была) судимость не по тяжким преступлениям.
5. Возраст от 18 до 60 лет.

Денежное довольствие повышенное. Возможность заключить краткосрочный контракт, на выбор гражданина 6 или 12 месяцев. Полный социальный пакет.

**2. Проводится отбор кандидатов, подлежащих призыву на военную службу, для направления на подготовку по военно-учетным специальностям (водитель категории-«С») в образовательных учреждениях РО ДОСААФ России РД с последующей отправкой в армию.**

Требования к кандидатам:

1. Наличие аттестата (9кл. 11кл.).
2. Годные по состоянию здоровья.
3. Отсутствие судимости и близких родственников.
4. Желание учится.
5. Возраст 18 лет и выше.

По вопросам поступления, отбора обращаться в военный комиссариат Казбековского и Гумбетовского районов тел. **(8 279) 2 13 02.**

***А.Б. Магомедов, военный комиссар Казбековского и Гумбетовского районов***

**БетІерав редактор:** И.Б.Салимханов 55-48-94
**Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГІабдулашимов

**Мухбирзаби:** И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, М.З. ДавудхІажиев
**Набор:** М.М. ХІайбаева
**Верстка:** М.А.АтавхІажиева ва З.ХІ. ХІасанова
**Фотокорреспондент:** ГІ.ГІ. ХІамидов

**Газета бахьизе байбихьана 1933 сональул 15 апрелалда**
Типографияльул адрес: 367032, РД, МахІачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хІадур гьабуна редакциялъул компьютеральул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХІакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1448

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хІужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**